

KADURJANAN SAJRONE ANTOLOGI CERKAK PREMAN ANGGITANE TIWIEK SA
(*Tintingan Sosiologi Sastra*)

WULANDARI

Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Imutwulan09@gmail.com

ABSTRAK

Kadurjana kalebu tumindak nerak ukum lan moral kamanungsan. Tumindak durjana mesti nuwuahake perkara-perkara kang bisa nyebabake rasa kuwatir tumrap masyarakat, nanging kadurjana tansah ana sajrone panguripane masyarakat. Kadurjana bisa ditemokake sajrone salah sawijine karya sastra yaiku antologi cerkak *Preman* (ACP) anggitane Tiwiek SA. Adhedhasar andharan kasebut, antologi cerkak *Preman* (ACP) iki narik kawigaten kanggo ditliti mawa tintingan sosiologi sastra.

Underan panliten iki yaiku kepriye (1) gegambaran tumindak kadurjana (2) panyebab tumindak kadurjana (3) akibat saka tumindak kadurjana. Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake (1) gegambaran tumindak kadurjana (2) panyebab tumindak kadurjana (3) akibat saka tumindak kadurjana. Dene paedahe panliten iki ing antarane yaiku, bisa nambahi cacahé panliten ing jagading kasusastran Jawa modern lan bisa kanggo referensi panliti liyane, kanggo bahan pasinaonan ing pamulangan basa Jawa, uga bisa nambahi dhokumentasi bahan rujukan kanggo panliten sabanjure supaya luwih kreatif maneh anggone nulis.

Pamarekan ing panliten iki yaiku sosiologi sastra. Dene metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif kualitatif kanthi pendekatan sosiologi sastra kang dijilentrehake dening Wellek lan Werren. Sumber dhata arupa antologi cerkak *Preman* (ACP) anggitane Tiwiek SA. Dhata panliten iki yaiku tembung lan ukara sajrone antologi cerkak *Preman* (ACP) anggitane Tiwiek SA. Dene tata cara nglumpukake dhata yaiku kanthi teknik maca lan nyathet. Tata cara ngandharake dhata digunakake metodhe dheskriptif analisis kanthi tintingan sosiologi sastra.

Asile panliten iki kaperang dadi telu. (1) Gegambaran tumindak kadurjana yaiku, (a) kadurjana kanggo kaperluwan pribadhi, wujude toh-tohan, apus-apus, nerak kasusilan, ngancam, lan korupsi (b) kadurjana kanggo kaperluwan kelompok, wujude ngrampog lan tawuran (2) *Faktor* kang njalari paraga nindakake kadurjana kaperang dadi loro yaiku, (a) *faktor eksternal*, wujude antara liya *faktor ekonomi* lan *faktor lingkungan*. (b) *faktor internal*. Wujude antara liya emosi, frustasi, kabutuhan seksual lan pendhidhikan. (3) Akibat saka tumindak kadurjana kaperang dadi telu yaiku, (a) tumrap awake dhewe, wujude apes lan mlebu bui, (b) tumrap kulawarga, wujude rugi bandha lan digethingi wong liya, (c) tumrap masyarakat, wujude ing antarane nuwuahake rasa kuwatir lan rugi bandha.

Tembung wigati: Kadurjana, sosiologi sastra, ACP

PURWAKA

Landhesan Panliten

Sastra ora bisa dipisahake karo jagade bebrayan, amarga antarane sastra lan bebrayan tansah sesambungan. Perkara-perkara kang kadadeyan ing bebrayan didadekake bahan kanggo ngripta sawijine kaya sastra, saengga sastra kang diripta kasebut cedhak karo panguripan saben dinane. Mula saka kuwi kasusastran bisa digawe kaca benggala tumrap bebrayan. Kaya sing dijilentrehake dening Wellek lan Werren (2014:99) sastra nggambaraké lan medharake panguripan. Sastra lan

masyarakat iku pancen nduweni sesambungan. Karya sastra mujudake asil pambudidayane pangripta ngenani perkara kang tuwuah ing masyarakat. Gegayutan-gegayutan kang dimaksud iku disebabake, a) karya sastra diasilake dening sawijining pengarang, b) pengarang iku dhewe perangan saka masyarakat, c) pengarang iku nggunakake samubarang kang ana sajrone masyarakat, lan d) asil karya iku dugunakake dening masyarakat (Ratna, 2009:60).

Wujud sastra Jawa modern sadurunge kamardikan bisa diperang dadi loro yaiku sajrone terbitan

Balai Pustaka lan sajrone terbitan partikelir. Semono uga wujud sastra Jawa modern sawise kamardikan, antarane terbitan partikelir lan terbitan Balai Pustaka ana jurang pamisah, luwih-luwih kanggo sastra Jawa modern sadurunge kamardikan, mligine ngenani tema lan cara njlentrehake (Hutomo, 1975:23). Pangrembakane kasusastran Jawa modern ing jagade kasusastran Jawa sadurunge kamardikan rada suwi, jinis-jinis anyar karya sastra modern sing arupa novel, cerkak, sajak bebas lan lakon panggung modern kasebut durung bisa ditrima karo masyarakat Jawa, amarga masyarakat Jawa ing jaman kuwi wus kulina karo karya sastra klasik kayata metrum, tembang lan sapanunggale.

Adhedhasar laire karya sastra kasebut uga lair pangripta senior ing kasusastran Jawa modern, salah sawijining pangripta senior ing kasusastran Jawa modern yaiku Tiwiek SA sing nduweni jeneng asli, Suwignyo Adi. Lair ing Tulungagung tanggal 08 Juni 1948. Wiwit ngipta lan ngarang kasil mlabar kawat taun 1972 kanthi cerkak sesirah Milah kapacak ing *Panjebar Semangat* No. 27 taun 1972. Wiwit iku uga karyane ndlidir mbanyu mili. Karangan liyane kang awujud cerbung, crita rakyat, crita bocah, crita remaja, crita wayang, reportase lan sawetara artikel pendhidhikan. Karya-karyane sumebar ing udyana basa Jawa sing nate ana lan isih ana kayadene kapacak ing *Panjebar Semangat* lan *Jaya Baya* (Surabaya), *Mekar Sari* lan *Djaka Lodang* (Yogyakarta), *Parikesit*, *Panakawan*, *Jawa Anyar*, *Solopos* (Sala) lan sapanunggale. Salah sawijining karangan kang awujud cerkak, anggitane Tiwiek SA kang wis dibukukake sajrone antologi cerkak yaiku kanthi irah-irahan *Preman*.

Salah sawijine sastra Jawa Modern sing narik kawigatene panliti yaiku cerkak, dipilih antologi cerkak amarga sawijining karya sastra kang ringkes. Kayadene jenenge yen crita sajrone cerkak iku cekak. Masiya critane cekak, nanging masalah sajrone crita kasebut bisa kaandharake kanthi gamblang kang ndadekake para pamaos rumangsa seneng sawise maca. Panliti milih 10 cerkak saka 22 cerkak sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA kang ngandut babagan kadurjanaan minangka wujud ngenani kahanan masyarakat Jawa ing jaman saiki. Alasan dipilih Antologi Cerkak *Preman* kanggo objek panliti jalanan sangertine panulis sasuwene iki durung ana sing nliti. Saliyane kuwi tema kang diangkat ing Antologi Cerkak *Preman* iki narik kawigaten kanggo ditliti amarga ngandut babagan kang onjo yaiku babagan tumindak kadurjanaan.

Tumindak kadurjanaan kalebu tumindak nerak ukum lan moral kamanungsan. Tumindak kadurjanaan mesti nuwuhanke perkara-perkara kang bisa nyebabake rasa kuwatir tumrap masyarakat, nanging kadurjanaan tansah ana sajrone panguripane masyarakat. Saengga kadurjanaan kalebu bab kang sesambungan karo

masyarakat. Kadurjanaan kasebut tinemu ing crita cekak iki yaiku arupa toh-tohan, apus-apus, nerak kasusilan, ngancam, korupsi, ngrampog, lan tawuran. Wujud tumindak kadurjanaan kasebut cundhuk karo pamawase Kartono (2001:126) kang njlentrehake kadurjanaan minangka sakabehe wujud ucapan, tumindak, lan tindak-tanduk kanthi cara ekonomis, politis, lan sosial-psikologis ngrugekake banget tumrap masyarakat, nglanggar norma-norma susila, lan bisa ngancam keslametane masyarakat.

Masyarakat lan sastra nduweni sesambungan kang raket antarane siji lan sijine. Sesambungan kasebut yaiku sastra kawangun dening masyarakat banjur sawalike sastra uga bisa ngewangun masyarakat (Tyson sajrone Darni, 2015:3). Mula panliti ngrasa yen reriptan sastra iki cocog dianalisis nggunakake pamarekan sosiologi sastra, jalanan sajrone reriptan sastra iki ngemot fenomena sosial yaiku kadurjanaan. Sosiologi sastra mujudake pamarekan kang nengenake antarane sastra lan masyarakat. Swingewood (sajrone Faruk, 2013:1) njlentrehake sosiologi minangka elmu kang ilmiah lan objektif ngenani manungsa sajrone masyarakat, elmu ngenani lembaga-lembaga lan proses-proses sosial.

Adhedhasar andharan mau, mula tintingan sosiologi sastra sajrone panliten iki digunakake minangka piranti kanggo ngonceki perkara-perkara kang tuwuhan saka wujud kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA kanthi luwih jeru lan cetha. Panliten iki diajab nduweni paedah tumrap para pamaca kanggo nambahi kawruh ngenani panguripan sosial manungsa lumantar reriptan sastra.

Underan Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten sing wis diandharake ing ndhuwur mau, bisa diasilake underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye gegambaran ngenani tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitaane Tiwiek SA?
- 2) Apa wae kang nyebabake para paraga nindakake kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA?
- 3) Apa akibat saka tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar undheran panliten ing ndhuwur bisa didudut tujuwan panliten yaiku:

- 1) Ngandharake gegambaran ngenani kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA.
- 2) Ngandharake panyebab para paraga nindakake kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA.

- 3) Ngandharake akibat saka tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA.

Paedahe Panliten

Panliten iki diajab bisa nduweni paedah kang kaya ing ngisor iki:

- 1) Panliten iki diajab supaya bisa nambahi cacahe panliten ngenani kadurjanaan ing kasusastran Jawa modern, lan supaya bisa kango referensi panliten liyane.
- 2) Panliten iki diajab supaya bisa kango bahan pasinaonan ing pamulangan basa Jawa.
- 3) Panliten iki diajab supaya bisa nambahi dhokumentasi lan ndadekake rujukan kanggo panliten kang sabanjure supaya luwih kreatif anggone nulis.

Wewatesane Tetembungan

Supaya ora uwat saka konsep panliten, mula panliten iki nduweni wewatesan kaya ing ngisor iki:

- 1) Kadurjanaan yaiku sakabehe wujud ucapan, tumindak lan tindak tanduk kang kanthi cara ekonomis, politis, lan sosio-psikologis kang ngrugekake banget tumrap masyarakat, nglanggar norma-norma susila, lan bisa ngancam keslametan masyarakat (Kartono, 2015:126)
- 2) Sosiologi sastra yaiku kajian karya sastra kanthi nggatekake aspek-aspek kang ana sajrone masyarakat (Ratna, 2009:2).
- 3) Cerkak yaiku cerita cekak. Cerkak minangka salah sawijining asil karya sastra fiksi kang asipat rekaan. Carita cekak utawa cerkak kagolong genre kasusastran Jawa modern (Hutomo, 1975:38)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten kang saemper bisa digunakake kanggo nambahi kawruh, supaya panliten sabanjure bisa luwih jangkep lan sampurna. Panliten kang saemper sing bisa nyengkuyung karo panliten iki ing antarane yaiku:

- 1) Efi Tri Jayanti, mahasiswa jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah taun 2014 kanthi irah-irahan *Kadurjanaan ing Jagading Jurnalisme sajrone Novel Sang Pangeran Pati anggitane Fitri Gunawan tintingan Sosiologi Sastra*. Panliten kasebut njlentrehake ngenani gegambaran kadurjanaan, faktor panyebab sing njalari kadurjanaan, lan gayutane tindak kadurjanaan ing jagading jurnalisme sajrone

novel SPP. Asil panliten Efi nuduhake wujud gegambaran kadurjanaan sing arupa nyelewengake kekuwasaan. Faktor kang njalari anane kadurjanaan bisa diperang dadi loro yaiku faktor internal utawa pribadi lan faktor eksternal utawa sajabane dhiri individu.

- 2) Dyah Tri Wulandari, mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah taun 2015 kanthi irah-irahan *Miyak Kadurjanaan Sajrone Cerbung Getih Sri Panggung anggitane Kukuh S. Wibowo tintingan Struktural*. Panliten kasebut ngandharake ngenani wujud crita, sapa paraga-paraga sing disujanani minangka durjana lan pigunane *Getih Sri Panggung*. Panliten iki ngenani unsure intrinsiksing ana sajrone cerbung *Getih Sri Panggung*, *Foreshadowing* lan pigunane cerbung tumrap bebrayan.

Ainin Nadziroh, mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah taun 2015 kanthi irah-irahan Kadurjanaan Sajrone Novel Dahru ing Loji Kepencil Anggitane Suparto Brata tintingan psikologi sastra. Panliten kasebut ngenani gegambaran kadurjanaan, apa sing njalari dumadine kadurjanaan, lan pamungkasing kadurjanaan.

Sari Eka Diniati, mahasiswa jurusan Pendhidikan Bahasa lan Sastra Daerah taun 2016 kanthi irah-irahan Kadurjanaan sajrone crita rakyat Lebur ing Borobudur anggitane Hastarahardjo tintingan sosiologi sastra. Panliten kasebut ngenani gegambaran kadurjanaan, apa sing nyebabake paraga nindakake kadurjanaan lan cara mungkasi kadurjanaan. Asil panliten Sari nuduhake gegambaran kadurjanaan yaiku paten-pinaten, ngrampog, ngruda peksa, nerak kasusilan, ngancam lan sapanunggale.

Panliten kang saemper karo panliten iki padha ngandharake ngenenani babagan kadurjanaan kang ana ing sajrone karya sastra fiksi kanthi awujud cerbung, novel lan crita rakyat. Bedane antarane panliten iki karo panliten saemper liyane yaiku obyek kang digunakake, yen panliten saemper liyane nggunaake novel, cerbung lan crita rakyat kanggo sumber panlitene nanging ing panliten iki sumbere saka crita-crita cekak sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA. Saliyane iku wujud kadurjanaan sing digambarake, uga ngrembug babagan akibat kang diasilake saka tumindak kadurjanaan sajrone antologi cerkak *Preman*.

Kasusastran Jawa Modern

Sastra Jawa modern mujudake kasusastran Jawa kang urip ing tengah-tengahing masyarakat Jawa jaman saiki. Sastra mau nduweni genre-genre pambeda karo

genre-genre sadurunge, babagan kasebut disebabake amarga anane daya pangaribawa saka genre *manca*. Wujude sastra Jawa Modern, kaya kang diandharake dening Ras (1985: 8) yaiku sastra kang oleh pangaribawa saka sastra manca. Mula ora nggumunake, yen wujude sastra Jawa modern memper karo sastra Manca, kayata: *short story* padha karo carita cekak (sabanjure katulis cerkak), *long story* padha karo cerita sambung (sabanjure katulis cerbung), *poem* padha karo guritan, lan *novel* ing sastra Jawa uga padha tegese karo novel.

Cerkak

Cerkak utawa crita cekak yaiku mujudake salah sawijining genre kasusastran Jawa Modern kang isih ngrembaka nganti saiki. Miturut Suparto Brata (sajrone Pranowo, 1993:41) cerkak minangka crita kang adhedhasar ide crita lan bisa dimarekake kanthi singkat. Kang diarani singkat iku kudune ana kabutuhan kang diperlokake kango mbangun lan mungkasi crita. Sanajan singkat, crita kasebut wis sampurna. Prakara kang muncul utawa dimunculake dening pangripta sajrone reiptane iku wis diwangsuli ing pungkasane crita, mula para pamaca bisa weruh wangslulan saben-saben ana pitakonan ngenani crita.

Edgar Allan Poe (sajrone Nurgiyantoro, 2009:10) yaiku sastrawan saka Amerika, ngandharake menawa cerkak iku salah sawijining crita kang wis cukup diwaca sepisan, udakara antarane setengah nganti rong jam sekirane ora bakal ngira digawe novel. Dawane cerkak iku werna-werna. Ana cerkak kang cekak (*short story*), uga ana kang cekak banget yaiku watara 300-an tembung, ana cerkak kang dawane cukup (*middle short story*), sarta ana cerkak kang dawa (*long short story*) kang kaperang dadi puluhan utawa pirang-pirang puluh ewu tembung.

Sastra lan Bebrayan

Sastra nduweni sesambungan kang raket karo bebrayan. Miturut Luxemburg (1989:23) sastra kang ditulis ing wektu tartamtu sesambungan karo norma-norma lan adat istiadat ing jaman kasebut. Sastra minangka gegambaran saka panguripane manungsa, mula ora gumun yen werna perkara kang ana ing jagading bebrayan didadekake kaca benggala tumrap para pangripta kasusastran kango ngripta karyane. Bab kasebut cundhuk karo pamawase Hardjana (1994:73) menawa nalika pangripta nulis crita, pangripta nduweni pamawas ngenani paraga imajinasi lan lingkungane sing bisa makili paraga-paraga lan lingkungan tartamtu. Sastra kang diripta uga mujudake kekarepane manungsa kanggo ngungkapake perkara kang ana ing jagade bebrayan. Bab iki selaras karo pamawase De Bonald (sajrone Wellek lan

Werren, 2014:99) kang ngandharake ngenani sastra minangka wujud pangrasane bebrayan, dene manungsa dhewe minangka perangan saka bebrayan.

Bebrayan mujudake sakumpulane manungsa kang nduweni sambung rakete antara siji lan sijine kang ana ing salah sawijine wilayah. Miturute Endraswara (2008:44), hakekat uripe wong Jawa ora bisa uwal saka pangupaya tumindak becik marang masyarakat sakupenge. Bebrayan ora bisa dipisahake karo sastra, amarga anane sastra disebabake kekarepane saka bebrayan, sastra diripta kanggo bebrayan, lan sastra nduweni tujuwan kango bebrayan. Mula bisa diandharake yen kasusastran iku asale saka bebrayan, dening rakyat lan kango rakyat.

Sosiologi Sastra

Sosiologi sastra mujudake pamerakan kang nengenake babagan sosial lan sastra. Miturut Ratna (2009:1-2) sosiologi sastra saka basa Yunani sing dumadi saka tembung sosio/socius lan logi/logos, sosio tegese bebrayan lan logos tegese elmu, dadi sosiologi tegese elmu asal usul lan pangrembakane bebrayan. Ratna uga njlentrehake sejatine antarane sosiologi lan sastra nduweni objek sing padha yaiku manungsa sajrone bebrayan. Bab kasebut selaras karo pamawase Soekanto (2012:15) kang njlentrehake sosiologi kalebu elmu sosial kang objeke bebrayan.

Miturut Wellek lan Werren (2014:100) nyethakake konsep sosiologi sastra kaperang dadi telu yaiku:

- a. Sosiologi pangripta kang mbahas ngenani profesi pangripta lan institusi sastra kayata dhasar ekonomi produksi sastra, status pangripta, ideologi pangripta lan sapiturute ngenani pangripta.
- b. Sosiologi kasusastran kang nengenake babagan kang sesambungan karo kasusastran iku dhewe, kang ngemu babagan isi kasusastran, tujuwan, sarta babagan liyane kang kasirat sajrone kasusastran kasebut kang sesambungan karo perkara-perkara sosial.
- c. Sosiologi kang nengenake pamaca daya pangribawa saka kasusastran.

Kadurjanaan

Miturut Kartono (2015:142) kadurjanaan bisa dideleng saka saperangan aspek yaiku (1) kadurjanaan dideleng saka aspek yuridis yaiku ana pawongan kang nglanggar ukum utawa undhang-undhang pidana lan ditetepake salah karo pengadilan sarta diwenehi ukuman. (2) kadurjanaan dideleng saka aspek sosial yaiku pawongan kang gagal anggone nyalarasake dhiri utawa nindakake tumindak kang ora selaras kanthi sadhar utawa ora sadhar saka norma-norma kang ana ing masyarakat

saengga tumindak kasebut ora bisa dibenerake dening masyarakat. (3) kadurjanaan dideleng saka aspek ekonomi yaiku nalika ana pawongan dianggup ngrugekake wong liya kanthi luwih meningake ekonomine marang masyarakat saengga wong kasebut ngalangi kesenengane wong liya.

1) Wujud Tumindak Kadurjanaan

Tumindak kadurjanaan akeh banget sing wis kedadeyan ing masyarakat kayata mateni, ngrampog, maling, mruwasa, lan sapiturute. Selaras karo Kartono (2001:136) kang njlentrehake tumindak durjana antarane yaiku, 1) nggorok nganti mati, nyeket nganti mati, ngracun nganti mati; 2) ngrampas, ngrampog, nyerang, nggarong; 3) seks lan mruwasa; 4) maling, nyolong; 5) ngancam, intimidasi, meres; 6) malsu; 7) korupsi, nyogok, nyuap; 8) nglanggar ekonomi; 9) nggunakake senjata api 10) nglanggar sumpah; 11) bigami; 12) kadurjanaan ing jagading politik; 13) nyulik; 14) nyalah gunakake narkotika.

2) Penyebab kang Njalari Tumindak Kadurjanaan

Miturut Abdulsyani (1987:44-51) panyebab kang ndadekake pawongan nindakake tumindak kadurjanaan bisa diperang dadi loro yaiku *faktor internal* (saka dhirine individu) lan *faktor eksternal* (saka njabane individu). *Faktor internal* diperang dadi loro, yaiku kang asipat khusus lan asipat umum. Faktor internal kang asipat khusus kayata (1) sakit jiwa, (2) daya emosional, (3) rendahnya mental, (4) anomia (kebingungan). *Faktor internal* kang asipat umum kayata (1) umur, (2) saresmi, babagan kang sesambungan karo awak, (3) kalungguhan individu, (4) pendhidhikan individu, (5) perkara panglipur individu. *Faktor eksternal* kayata (1) faktor ekonomi, (2) faktor agama, (3) faktor lingkungan.

Landhesan Teori

Teori sosiologi sastra kang digunakake yaiku teori sosiologi sastra kang dijlentrehake dening Welles Werren. Welles Werren njlentrehake sosiologi sastra dadi telu yaiku sosiologi pangripta, sosiologi kasusastran lan sosiologi pamaca. Perangan kang bakal ditengenake ing kene yaiku sosiologi kasusastran. Perangan teori sosiologi sastra kang dijlentrehake dening Welles Warren iki nduweni sesambungan karo isi kasusastran, tujuwan sarta babagan liyane kang kaimpen sajrone kasusastran uga sesambungan karo perkara sosial.

Konsep kadurjanaan kang digunakake kanggo nganalisis bab kadurjanaan yaiku konsep kang diwawas dening Kartono. Kartono ngelompokake tumindak kadurjanaan miturut cara nindakake kadurjanaan yaiku nggunakake piranti lan tanpa nggunakake piranti. Bab iki diajab supaya bisa mujudake kamanunggalan tintingan kang utuh lan jangkep.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan *Kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak Preman Anggitane Tiwiek SA* kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra iki mujudake panliten kualitatif. Semi (2012:11) njlentrehake menawa panliten kualitatif mujudake panliten kang ora ngutamakake *kuantifikasi* adhedhasar angka-angka, nanging kang diutamakake yaiku *penghayatan* tumrap sesambungan antarane konsep kang dikaji kanthi cara *empiris*. Panliten kualitatif nduweni tujuwan kanggo mangerteni bab-bab kang dumadi tumrap subjek panliten kanthi cara *dheskriptif* sajrone wujud tembung-tembung lan basa, ing sawijine bab sing mligi kanthi nggunakake maneka werna methode ilmiah (Moleong, 2008:6). Metodhe kang selaras kanggo nintingi panliten kanthi objek sastra kang wujude tembung-tembung yaiku nggunakake metodhe *dheskriptif kualitatif*. Panliten kanthi nggunakake methode *dheskriptif kualitatif* dirasa trep kanggo nintingi Antologi Cerkak Preman anggitane Tiwiek SA kanthi cetha.

Sumber Dhata

Selaras klawan ruang lingkup panliten kang diandharake panulis, menawa sumber dhata ing panliten iki yaiku isi cerkak anggitane Tiwiek SA kang kapacak ing Antologi Cerkak Preman kang diterbitake dening Paramarta Tulungagung taun 2016. Saka 22 cerkak kang kapacak sajrone Antologi Cerkak Preman mau kapilih 8 cerkak kang isine ngenani tumindak kadurjanaan.

Dhata

Siswantoro (2010:70), njlentrehake menawa dhata mujudake sumber informasi kang diseleksi minangka bahan analisis. Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku dhata-dhata sing awujud tembung-tembung kayata frase, tembung, ukara lan wacana kang sesambungan karo undherane panliten. Sepisan kang sesambungan karo gegambarane tumindak kadurjanaan, panyebab para paraga nindakake kadurjanaan lan akibat tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak Preman tumrap kanyatan ing panguripane bebrayan anggitane Tiwiek SA.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten Antologi Cerkak Preman yaiku panliti dhewe. Babagan kasebut selaras karo pamawase Sugiyono (2013:305-306) kang njlentrehake sajrone panliten kualitatif kang dadi instrumen utawa piranti panliten yaiku panliti dhewe. Panliti kualitatif minangka *human instrumen*, kang fungsine netepake fokus panliten, milih informan minangka sumber dhata, nindakake pangumpulan dhata, nile kuwalitas dhata, nganalisis

dhata, nafsirake dhata lan nggawe dudutan babagan panemune kasebut.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Panliten iki anggone ngumpulake dhata ora sembarangan, nanging manut tata cara tartamtu. Cara ngumpulake dhata ing panliten iki ana saperangan *tahap* yaiku: kapisan, maca bola bali cerkak-cerkak mau lan mangerten i apa isine crita (metode hermeneutika). Kapindo, nengeri tetembungan kang dianggep minangka tembung kunci utawa bisa diarani nggunake sistem tandha kang gegayutan karo babagan kadurjanaan lan sabanjure mahami isi crita sing bakal dianalisis.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Adhedhasar pangetrapane teknik *open coding*, mula tata cara njlentrehake dhata ing panliten iki yaiku:

- 1) Nglumpukake, ngrinci lan mriksa dhata kang sesambungan karo gegambaran tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA.
- 2) Nggolongake dhata kang wis dikumpulake adhedhasar gegambaran tumindak kadurjanaan yaiku judi, apus-apus, ngancam, nerak kasusilan, korupsi, ngrampog, lan tawuran.
- 3) Nganalisis gegambaran tumindak kadurjanaan kang wis dikumpulake kanthi cara njlentrehake dhata-dhata kang wis didokumentasekake.
- 4) Menehi dudutan ngenani tumindak kadurjanaan kang kinandhut sajrone Antologi Cerkak *Preman*.

Tata Cara Nyuguhake Asile Panliten

Tata cara nulis asile panliten iki yaiku arupa dhesripsi ngenani underane crita babagan kadurjanaan sajrone antologi cerkak *Preman*, alasan kang njalari kadurjanaan lan cara mungkasi kadurjanaan kasebut. Panliten iki kanthi sistematika kasusun saka limang bab yaiku 1) Purwaka, 2) Tintingan Kapustakan, 3) Metodhe Panliten, 4) Asile Panliten, 5) Panutup.

ANDHARAN ASILE PANLITEN Gegambaran Tumindak Kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman*

Gegambaran wujud tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA iki yaiku judi, apus-apus, ngancam, nerak kasusilan, korupsi, ngrampog, lan tawuran. Luwih cethane, jlentrehan bisa dideleng ana ing ngisor iki.

Kadurjanaan kanggo Kaperluwan Pribadi

Gegambaran tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA, salah sawijine disebabake anane kaperluwan pribadi. Kaperluwan pribadi paraga tuladhane

awujud toh-tohan, apus-apus, nerak kasusilan, ngancam lan korupsi.

Toh-tohan (Main)

Toh-tohan bisa kalebu tumindak nyimpang saka katentuan agama, ukum lan bebrayan. Umume tumindak kadurjanaan iki ora nggawe cilakane wong liya, nanging bisa kalebu sipat kriminal. Gegambaran tumindak kadurjanaan mligine toh-tohan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA ana ing cerkak *Banyon*. Bisa kabuki saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

“Padikan wis eneng. Mung aku rung ketemu wonge. Kuwi lho, Man Kenci cah kidul kali. Angkahku nek kowe mathuk bengi iki arep takparani.”

“Man Kenci sing tas dumdum waris kuwi, ya? Oke, aku mathuk! Kandhakna, patohanku pengaji supra ex anyar. Wani ra nggandhengi? (Banyon, 2016: 2)

Tumindak kadurjanaan mligine bab toh-tohan ditindakake dening paraga Joni Corut minangka tumindak kang luwih mentingake Kaperluwanpribadine lan kanggo nggayuh pepeningan uga kesenengan dheweke ora mredulekake marang wong liya nadyan tumindak kasebut nglanggar norma ukum lan agama. Kadadeyane nalika Edy Kisut maradhyayoh menyang omahe Joni Corut, Joni Corut takon Edy Kisut wis ana sing digandhengake apa durung. Edy Kisut nggandhengake Man Kenci, kabeneran Joni Corut langsung gelem lan mathuk. Joni Corut bakal matohake pengaaji Supra Ex anyar.

Apus-Apus

Apus-apus bisa uga diarani ora jujur kanthi cara sing sadurunge wis direncanakake. Apus-apus mujudake salah sawijine jinis tumindak kang ora becik. Tumindak kadurjanaan kasebut nduweni tujuwan kanggo ngapusi wong liya lan sajrone apus-apus nduweni unsur sengaja kanggo ngelesi ukuman utawa akibat saka tumindak kang wis ditindakake. Gambaran tumindak kadurjanaan apus-apus sajrone antologi cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA yaiku bisa dideleng ana ing cerkak *Gerdhu*. Bisa kabuki kaya cuplikan ukara ing ngisor iki.

Kamdi kapeksa blaka. Jarene, antarane dheweke karo Pak Dulkampret wis ana *kong kalikong*. Tugase Pak Dul jaga dilintirake marang Kamdi, sauntara Pak Dul marang garwane tetep kandha yen bengi iki entuk giliran jaga. Kamangka satemene Pak Dul nggunakake kalodhangan kanggo *ndhekemi* randha Ngatemi wetan kali. (Gerdhu, 2016: 55)

Tumindak kadurjanaan apus-apus sing ditindakake dening Pak Dul kasebut luwih mentingake Kaperluwanpribadi. Kamdi blaka menehi katrangan marang Pak Wigan, yen dheweke lan Pak Dul kuwi wis

kongkalikong. Tugase Pak Dul jaga gerdhu dilintirake marang Kamdi lan oleh upah, dene Pak Dul sing sadurunge nduwensi niyat kanggo ngapusi garwane yen bengi kuwi tetep kandha entuk giliran jaga. Kamangka sing satemene kalodhangen kasebut digunakake Pak Dul kanggo ndhekemi randha wetan kali sing jenenge Ngatemi.

Nerak Kasusilan

Tumindak kang nerak kasusilan minangka tumindak kang nyimpang saka norma-norma lan nerak ukum kang magepokan karo prinsip kesopanan. Prinsip kesopanan bisa ditegesi yen manungsa kudu bisa njaga aji saka dhirine. Pawongan kang nerak kasusilan tegese pawongan kasebut wis nindakake bab sing ala. Gambaran wujud kadurjanaan sajrone antologi cerkak *Preman* bisa kabutuh saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

Kaya wektu sore iku. Lagi bae teka, Ming sakanca wis gawe rancangan kanggo ngisi malem takbiran. Ora kok nganakake tebir keliling utawa tebir neng mesjid, nanging arep nganakake pista neng prapatan cedhak pasar. Pak lan Mbok Kadim wis apal. Sing diarani pista iku genah yen pista minuman keras aliyan mabuk-mabukan. (Jumedhor ing Malem Takbiran, 2016: 82)

Tumindake Ming lan sakancane kang wis nerak kasusilan nduwensi tujuwan kanggo nggayuh pepenginan lan luwih meningake kepentingane pribadi. Ming sing mentas metu saka pakunjara, dheweke nggawe rencana karo sakanca-kancane kanggo ngisi malem takbiran. Rencanane kuwi ora nganakake tebir keliling utawa tebir ing masjid, nom-noman kabeh kuwi malah arep ngawe pista ing prapatan sing cedhak pasar. Ditegesi yen pista ing kene kuwi yaiku pista miras lan pista mabuk-mabukan. Pak Kadim lan Mbok Kadim bisa tumindak apa-apa lan ora wani ngelarang, jalaran mengko yen diaruh-aruhi bisa salah tampa.

Ngancam

Ngancam mujudake salah sawijine tumindak kadurjanaan kanthi ucapan sing kasar utawa bisa uga nganggo tumindak sing kasar marang wong liya, saengga ndadekake wong liya manut karo pangancame sing wis diucapake. Gambaran tumindak kadurjanaan ngancam sajrone antologi cerkak bisa dideleng ing cuplikan ukara ngisor iki.

“Wong apik apa! Genah kowe ki pek-pekan sing arep nyulik bocah wedok! Wis, dibakar ae!” cluluke sawenah pawongan karo ngogoco rai. Ora kober dakendhani, ora wurung saka irungku mancur getih abang. (Mrempul, 2016: 112)

Cuplikan ukara ing ndhuwur dumadi nalika priya kang aran Jiman arep subuhan ing salah sawijining

langgar ing Desa Panjer. Jalaran tangine krianan, priya iki ora kober subuhan ing omah. Sarampunge kulakan, dheweke mampir langgar karepe subuhan. Priya iki klithih-klithih nggoleki padasan, amarga lampu langgar sing ora pati padhang. Tur maneh lagi pisan kuwi priya iki mampir subuhan ing Desa Panjer. Lagi plingukan, ana bocah wadon wis rukuhan liwat ing sisihe. Dijawil dening Jiman lan ditakoni panggon padan. Nanging bocah wadon iku njerit lan mlayu ngadob, sajak ana babagan kang ndadekake rasa wedi. Swara njerite bocah wadon iki nggatekake pawongan sing lagi dzikir neng njero langgar. Banjur menyat mrepeg dununge swara, wong-wong sakiwa tengen langgar melu-melu ngebyuk pisan. Jalaran kahanan kasebut Jiman kena tuduh pek-pekan sing nggawa mlayu bocah wadon. Yen ora gelem ngakoni bakal dibakar.

Korupsi

Korupsi mujudake tumindak kadurjanaan kang nyelewengake, ngenthit, njupuk duweke wong liya utawa samubarang kang dudu duweke. Tumindak korupsi luwih meningake dhuwit kanggo Kaperluwanpribadi. Tumindak korupsi iku biasane uga sing dijupuk dhuwite negara, nanging saiki tumindak korupsi bisa ditindakake ing ngendi wae. Gegambaran wujud tumindak kadurjanaan korupsi sajrone antologi cerkak *Preman* bisa dideleng ana cuplikan ing ngisor iki.

“Pinter! Pancen ya kuwi rencanaku. Mula ora aneh ta yen aku mbungahi? Saka adol jatah kuwi awake dhewe rak bisa ngijolake mobil sing luwih apik, elek-eleke Carry. Mosok selawase tumpakane mung mobil Hijet! Njur ngijolake sepedha motore Anjar. Gajeg Anjar pengin nduwe Kharisma.” (Jatah, 2016: 60)

Cuplikan ing ndhuwur dumadi nalika Suntoro rembugan karo Sriasih. Priya iki njarwani yen dheweke antuk jatah saka kantore. Suntoro ing kene nduwensi rencana arep ngedol jatah sing diamanahake dening dheweke. Saka dol-dolan jatah kuwi mau, dheweke bisa ngijolake mobil sing luwih apik, elek-elekane Carry. Saliyane kuwi uga bisa ngijolake sepedha motore Anjar. Gawe senenge Anjar, lan nuruti kekarepane. Anjar iku jenenge anake. Jenenge ganep Anjar Laksiturukmi. Anak mbarep, saiki wis ngancik kelas loro SMU ning durung nduwe adhi.

Kadurjanaan kanggo Kaperluwan Kelompok

Gegambaran tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak Preman anggitane Tiwiek SA salah sawijine disebabake anane kaperluwan kelompok. Kaperluwan kelompok ing antarane bisa kaluwarga, masyarakat lan golongan. Kaperluwan paraga sajrone antologi cerkak iki tuladhané awujud tawuran lan ngrampog. Luwih cethane jlentrehan bisa dideleng ana ing ngisor iki.

Ngrampog

Ngrampog mujudake tumindak kanthi cara sengaja njupuk samubarange wong liya kanthi cara peksa lan ana sing nggunakake kekerasan, ancaman, patenpinaten utawa nganggo piranti-piranti kayata bedhil, ladhing lan sapiturute. Gegambaran tumindak kadurjanaan awujud ngrampog sajrone Antologi Cerkak *Preman* bisa kabuki kaya cuplikan ing ngisor iki.

“Kakrokane, numpak montor cik bantere,”
aloke salah siji sing lagi andhok.

“Biyasa Pak, lare enim,” tumanggape Degsiyo. Katone ayem, mangka sejatine kemrungsung. Awit dheweke paham banget sing mentas amblas iku mau genah si Genjor karo Dugel. Aweh tandha yen upayane ngrampog tas ing njero mobil beres! (Kalah Akal, 2016: 88)

Cuplikan ukara ing ndhuwur mujudake tumindak kadurjanaan ngrampog kang ditindakake dening paraga Genjor, Dugel, lan Degsiyo. Tumindak kasebut sadurunge wis direncanakake. Wis padha kong kalikong. Bisa diweduhi yen sawise Genjor lan Dugel nglancarake upayane ngrampog tas ing njero mobil beres, sepedha montor sing ditumpaki mlayu banter kanthi bleyer-bleyer. Menehi tandha marang Degsiyo yen tumindake ngrampog wis kasil lan kalaksanan kanthi lancar. Wong-wong papat padha kaget. Degsiyo katon ayem, nanging sejatine atine lagi kemrungsung. Jalaran kamiweden Degsiyo aweh wangulan sing bisa nylametake dheweke supaya wong-wong ora curiga.

Tawuran

Tawuran minangka perangan saka tumindak kadurjanaan kang nglibatake wong akeh kanthi nggunakake kakuwatan awak. Tumindak kadurjanaan mliline tawuran kadangkala nggunakake piranti. Piranti kasebut digunakake kango ngalahake lawan, kayata bedhil, clurit, glathi, watu lan sapiturute. Umume tumindak tawuran kanthi adhedhasar kelompok, tegese yen salah sawijine anggota ana sing kena perkara, liyane melu mbelani. Gambaran tumindak kadurjanaan mliline tawuran uga bisa dideleng ana ing cerkak *Preman*. bisa kabuki saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

“Dh... dhik, ka... kae ndang ...dhangdhute geger! Segrombolan pemudha gawe o...onar! Dha munggah panggung ra kena dikandhani!” ujare bos pasar malem kuwi karo krengosan. (Preman, 2016: 137)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake anane tumindak kadurjanaan mliline tawuran. Tawuran dumadi nalika dhangdhut digawe geger segerombolan pemudha. Bos preman langsung ngandhani anak buahe supaya langsung terjun ing panggone. Bab kasebut bisa dadi bukti yen sajrone cerkak *Preman* anane tumindak kadurjanaan mliline tawuran ditindakake dening kelompok pemudha sing kawitane nggawe geger.

Kelompok preman langsung muntap. Niyat arep mbubarake, nanging pemudha kasebut mbandel. Tawuran dumadi saya rame antarane genk preman lan pemda sing gawe onar.

Faktor kang Njalari Paraga Nindakake Tumindak Kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman*

Faktor kang njalari para paraga sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek S.A iki kang nindakake tumindak kadurjanaan bisa kaperang dadi loro yaiku faktor saka sanjabane dhiri pribadi (eksternal) lan faktor saka dhiri pribadi (internal). Sabanjure faktor-faktor kang nyebabake tumindak kadurjanaan bakal dijlentrehake kanthi luwih rinci ana ing andharan ngisor iki.

Faktor sanjabane dhiri pribadi (eksternal)

Faktor eksternal iki tuwuhan ing sanjabane dhiri pribadi lan sesambungan karo panyebab tumindak kadurjanaan. Faktor saka sanjabane dhiri pribadi kang njalari para paraga tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* iki kaperang dadi loro, yaiku faktor ekonomi lan faktor lingkungan.

Faktor Ekonomi

Faktor ekonomi minangka salah sawijine panyebab para paraga nindakake tumindak kadurjanaan. Miturut Thomas Van Aquino (Kartono, 2015:168) njlentrehake menawa tuwuhan tumindak kadurjanaan disebabake karana kecingkrangan. Awit yen pawongan ngalami kecingkrangan, bisa ndadekake manungsa nindakake tumindak kadurjanaan lan asusila. Tumindak kadurjanaan sajrone antologi cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA luwih akeh dituwuhake saka anane faktor ekonomi. Jalaran sakabehan kebutuhan ing sabendinane ora kacukupan. Luwih cethane bisa kabuki saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

Aku pengin sugih. Aku kudu njago Samekto. Karo maneh, ora mungkin Pak Lurah Dlemun njlomprongake. Wusana Edy Kisut gawe pepunthon berani kang banget nekad! (Banyon, 2016: 5)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake yen kanggo mujudake pepengine Edy Kisut dadi wong kang sugih, mula dheweke nekad melu toh-tohan njago calon Lurah Samekto. Percaya marang omongane Pak Lurah Dlemun yen ora bakal njlomprongake, amarga manut omongane Pak Lurah Dlemun ora kira Adiwaseso menang. Dheweke nduweni pepenginan dadi wong sugih, nanging ora gelem kerja sing rekasa. Bab kasebut bisa dadi bukti yen sajrone cerkak Banyon iki nuduhake yen tumindak kadurjanaan kang ditindakake dening Edy Kisut yaiku jalaran faktor ekonomi.

Faktor Lingkungan

Apik alane tumindake pawongan bisa dijalari saka lingkungan ing sakiwa tengene, lingkungan nduweni pengaruh tumrap kapribadhen lan tumindake pawongan.

Lingkungan sing dimaksud yaiku lingkungan kulawarga lan lingkungan masyarakat iku dhewe. Pangaribawane kanca lan tangga nyebabake pawongan nindakake kadurjanaan. Tumindak kadurjanaan sajrone antologi cerkak *Preman anggitane Tiwiek SA* salah sawijine dituwuhake saka anane faktor lingkungan. Bisa kabuti saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

“Sun! Wah, aku iri lho! Ambak cinaket karo bos ora kaya kowe! Nganti jatahe barang diwenehake kowe. Kokguna-gunani pa, Sun? Eh, wis oleh *pembeli* apa durung? Nek durung aku duwe calon. Wonge wani seket yuta *kontan*. Ning ya kuwi, aku njaluk bageyan. Priye?” (Jatah, 2016: 63)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake yen Suntoro arep kena pangaribawane kanca sing aran Johan. Suntoro sing sakawit ora kepengin ngedol jatahe jalaran wis dilarang karo bojone supaya jatah kuwi diwenehna marang wong liya sing lagi mbutuhake kanthi gratis, bareng keprungu omongane Johan sing kaya mangkono dheweke langsung kebimbang. Johan nawakake marang Suntoro yen dheweke wis nduwe calon panuku jatah kasebut, dheweke arep dadi perantara antarane Suntoro lan calon panuku lan njaluk bageyan. Umpama Johan ora nawakake calon panuku marang Suntoro, dheweke arep nurut marang bojone lan ora bakal ngedol jatah kasebut.

Faktor saka dhiri pribadi (internal)

Abdulsyani (1987:44-51) njilentrehake menawa panyebab pawongan nindakake kadurjanaan saka dhiri pribadi individu kaperang dadi loro, yaiku asipat khusus lan asipat umum. Faktor kang nyebabake para paraga sajrone Antologi Cerkak Preman iki kaperang dadi 4, yaiku karana emosi, frustasi, kabutuhan seksual lan faktor pendhidhikan. Andharan kang luwi jlentreh ana ing ngisor iki.

Emosi

Emosi nduweni pangaribawa tumrap panguripane manungsa. Tegese maneka werna wujud emosi kuwi yen ora bisa ngendalekake ndadekake manungsa nindakake kadurjanaan. Sajrone Antologi Cerkak *Preman* ana paraga kang nindakake tumindak kadurjanaan sing disebabake rasa emosi. Bisa kabuki saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

Dugel mung plonga-plongo. Degsiyo muntap. Dheweke duwe pandakwa, Genjor lan Dugel genah wis sagendhu saglugu niyat ngiyanati dheweke. Mula tanpa angkan-angkan Degsiyo mamerake kaluwihane ndugang. Sing didugang tiba glangsaran. Sajak ora narimakake, Genjor lan Dugel enggal tangi lan banjur pasang kuda-kuda. Entuk panglawan saka andahane, Degsiyo sansaya waringutem. Sidane, durjana telu sing sakawit

mujudake mitra sekuthon iku dadi tawuran! (Kalah Akal, 2016: 91)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake rasa emosionale paraga Degsiyo marang Genjor lan Dugel. Degsiyo emosi nalika dheweke teka ing markas nemoni Genjor lan Dugel kanggo njaluk bageyan, nanging Genjor sing aweh katrangan yen tas sing mentas dirampog kuwi ora ana isine. Degsiyo ora percaya marang katrangane Genjor, amarga dheweke wis ngira yen tas papat kuwi kabeh isi dhuwit. Saben tas siji isi patang puluh yuta, kaya katrangane guru-guru sing wis kasil dioyak informasi sadurunge. Degsiyo uga ngira yen Genjor lan Dugel wis niyat ngapusi lan ngiyanati dheweke, mula emosine Degsiyo muntap. Tanpa angkan-angkan Degsiyo ndugang Genjor lan Dugel nganti glangsaran, sing didugang enggal tangi lan ngelawan. Degsiyo sansaya waringutem. Ndadekake wong telu kuwi tawuran. Bab kasebut bisa dadi bukti yen sajrone cerkak *Kalah Akal*, tumindak kadurjanaan sing ditindakake dening paraga Degsiyo disebabake karana rasa emosi.

Frustasi

Frustasi minangka salah sawijine faktor kang njalari tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman anggitane Tiwiek SA*. Faktor iki tuwuhan ana sajrone dhiri pribadine paraga. Bisa kabuki saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

....*sampeyan ora susah ngarep-arep tekaku Mas, aku ekhlasna urip ndampingi koh Cui Lan Tong neng Hongkong. Yen sampeyan sir rabi maneh ya rabiya.....*ngono antara liya isi surate bojoku.

Nah, ya kuwi jalarane aku dadi preman. Genahe ngono aku iki prustasi. Aku kentekan akal lan koncatan nalar waras. Tundhone gampang kena pembujuke setan. (Preman, 2016: 128)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake yen paraga aku lagi frustasi karana oleh kiriman surat saka bojone. Dumadi nalika liwat musyawarah kulawarga mutusake bojone sing kudu golek penggaweyan. Penggaweyan sing paling gampang tumrap wong wadon iku dadi TKW neng luwar negri. Paraga aku kapeksa nglilani, najan jroning ati nggondheli. Bojone paraga aku sida budhal menyang Hongkong mung rong taun, nem sasi pisan bakal kirim dhuwit. Jebul ora cocog karo kanyatan. Sawise nem wulan mlaku, dudu kiriman dhuwit sing teka nanging layang. Isine nuduhake yen bojone saiki dirabi anake bose lan wis urip mapan. Saka kadadeyan kasebut ndadekake paraga aku kentekan akal lan koncatan nalar waras, saengga ndadekake paraga aku gampang nindakake tumindak kang ora becik yaiku narjeti wong-wong lan njaluk dhuwit kanggo tuku omben-omben dheweke lan sakancane. Bab kasebut bisa dadi bukti yen sajrone cerkak *Preman* iki kadurjanaan sing

ditindakake dening paraga aku salah sijine yaiku jalaran faktor frustasi.

Kabutuhan Seksual

Kabutuhan seksual minangka kabutuhan dhasar manungsa kang awujud ekspresi kanggo nglampiasiake rasa tresna kang dialami sapadha-padha tumrap pawongan kang ditresnani. Pawongan kang ora bisa ngendalekake hawa nepsune kang gedhe bakal nggayuh pepenginane kanthi maneka cara. Salah sawijine tumindak kadurjanaan kang disebabake saka kabutuhan seksual bisa kabuki ing ngisor iki.

Mangkono, penggaweyanku sakanca saben bengi sajrone ngamanake pasar malem kasebut. Lan ora krasa wis entuk limang dina kene tugas. Daketung-etung dhuwitku wis cukup nggo ngumbar syahwat neng *Wisma Sekarbirahi*. Mula esuk iki aku nggenthirit menyang kutha Ngunut, papane *lokalisasi* kasebut. (Preman, 2016:133)

Paraga aku ngrasa anggone jaga pasar malam wis ana limang dina. Dhuwit kang ngumpul yen dietung-eting wis cukup kanggo ngumbar syahwat ing *Wisma Sekarbirahi*. Priya iki bisa kaya mangkene, amarga wiwitan ditinggal bojone lunga menyang luwar negeri. Ora ana kang muasake hasrat seksuale, banjur disalurake marang bocah wadon kang ora nggenah lan bisa dituku. Mujudake tumindak durjana ing dhirine jalaran anane kabutuhan seksual kang ora kawujud. Anane durjana ing dhirine paraga aku, diwiwiti nalika dheweke ditinggalake bojone. Awit ora ana kang ngurusni dheweke, banjur priya iki dadi preman lan tumindak sakarepe dhewe.

Faktor Pendhidhikan

Kurange pendhidhikan nyebabake sawijine pawongan susah anggone golek pakaryan kang formal, saengga kabutuhan dhasar ora bisa kagayuh. Kahanan kasebut nuduhake yen tingkat pendhidhikan formal sing minim ing sajrone masyarakat bisa nyebabake dampak tumrap masyarakat. Tumindak kadurjanaan sajrone antologi cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA salah sawijine dituwuhake saka faktor pendhidhikan. Bisa kabuki saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

Wiwit katon mbelise nalika tamat SD. Sansaya mbelis bareng wis neng SMP. Kapeksa banjur diwetokake saka SMP nalika lagi manyak kelas loro awit kerep mbolos lan tumindak criminal. (Jumedhor ing Malem Takbiran, 2016: 81)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake paraga Ming nindakake tumindak kadurjanaan kang disebabake saka faktor kurange pendhidhikan. Dheweke wis kagolong bocah sing nakal, awit katon mbelis nalika tamat SD. Diwetokake nalika kelas loro SMP jalaran

kerep mbolos. Kahanan kasebut ndadekake Ming ora bisa dadi wong kang bener, saengga masyarakat nganggep dheweke kuwi rendah. Umpama arep golek panggaweyan ya ora bakal ana sing gelem nampa, amarga jaman saiki pendhidhikan kuwi kanggo syarat utama kanggo golek panggaweyan. Pungkasane kanggo nggayuh pepenginane pawongan kasebut bakal nindakake kabeh cara supaya bisa urip, ora preduli kuwi cara sing bener utawa ora bener.

Akibat saka Tumindak Kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman*

Akibat kang diasilake sajrone antologi cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA bisa diperang dadi telu, yaiku cilaka tumrap awake dhewe, tumrap kulawarga lan tumrap masyarakat. Kamangka sakabehan akibat kang diasilake saka tumindak kadurjanaan paraga sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA, ora kabeh bisa ditemokake jalaran pengarang anggone ngarang, pungkasane crita kang dicritakake ana sing ngambang utawa cuthel nganti mangkono wae.

Akibat Tumrap Awake Dhewe

Cilaka tumrap awake dhewe mujudake salah sawijine piwales saka tumindak kadurjanaan kanthi luwh umum kang dialami. Jalaran wis nindakake tumindak kadurjanaan banjur oleh piwales tumrap awake dhewe. Bisa dideleng yen akibat saka tumindak kadurjanaan salah sawijine bisa ditemokake sajrone cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA.

Apes

Pawongan kang nandang apes utawa sial minangka pawongan sing ora untung. Anane akibat apes saka tumindak kadurjanaan kang wis ditindakake sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA. Cuplikane kaya ing ngisor iki.

Nalika mengkok nengen ing pretelon cedhak gardhu, rada keladuk mangan dalan. Ndilalah saka arah lelawanan ana iring-iringan mobil sing lagi ngadani takbir killing. Kanggo nginggati tabrakan, Ming mbanting setir mengiwa. Cilakane, anggone mbanting setir kerosan. Akibate, montor bablas nyantap gardhu ing kiwa dalan. Jumedher swarane. Ming kontal tiba mengarep, sirahe natap lingir tembok. Sakala getih kutah lambah-lambah. (Jumedhor ing Malem Takbiran, 2016: 84)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake yen tumindak kadurjanaan nerak kasusilan kang wis ditindakake dening paraga Ming, ngakibatake cilaka marang awake dhewe jalaran wis mabuk lan nggawe rusuhe masyarakat. Kadadeyane dumadi nalika Ming mlayu, dheweke langsung nyaut sepedha motore kancane jalaran keweden ditembak pulisi. Tampa ngurubake lampune, Ming sing lagi mabok nyetir karo sleyat-sleyot.

Saka arah sing lelawanan ana iring-iringan mobil lagi ngadani takbir keliling. Kanggo ngindari tabrakan, Ming mbanting setir mangiwa. Cilakane montore Ming bablas nyantap gardhu, Jumedher swarane, sirahe Ming natap lingire tembok gardhu nganti getihe ngalambah-lambah. Emene para warga sing meruhi kadadeyan kasebut ora ana sing gelem nulung. Bab kasebut bisa dadi bukti yen sajrone cerkak *Jumehor ing Malem Takbiran* iki tumindak kadurjanaan nerak kasusilan mligine mabuk-mabukan sing ditindakake dening paraga Ming wis ngakibatake awake dhewe cilaka.

Mlebu Bui

Mlebu bui minangka akibat kang bisa dialami dening sawijine pawongan kang wis nindakake tumindak kadurjanaan. Anane tumindak kadurjanaan iki mujudake tumindak kang wis nerak norma lan ukum, banjur sapa wae bisa dilebokake menyang bui. Tumindak kadurjanaan kang wis ngakibatake dheweke nganti mlebu bui uga bisa ditemokake sajrone cerkak *Preman anggitane Tiwiek SA*. Kabukti saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

Dheweke ketangkep masa
nalika nyolong sepedha
montor neng tangga desa.
Aja enggal ketekan pulisi,
ayak bae nyawane oncat
merga dihakimi masa.
Saka tumindake iku Ming
dipatrapi paukuman
karotengah taun.
(*Jumehor ing Malem
Takbiran*, 2016: 82)

Gegambaran akibat tumindak kadurjanaan kang wis ditindakake dening Ming sajrone cuplikan kasebut yaiku mlebu bui. Tumindak kang wis ditindakake Ming mujudake nerak norma lan ukum kang ana. Kanthi nyolong sepedha neng tangga desa, kamangka Ming pikoleh patrapi ukuman kriminal. Ukuman kriminal iki kanthi wujud mlebu bui. Jlentrehan bukti yen dheweke mlebu bui bisa dideleng ana ing pungkasane cuplikan ing ndhuwur, yaiku pikoleh paukuman karotengah taun. Tegese tumindak kadurjanaan kang wis nerak ukum lan norma bisa oleh ganjaran awujud mlebu bui.

Akibat Tumrap Kulawarga

Cilaka tumrap kulawarga mujudake salah sawijine piwales saka tumindak kadurjanaan kang dialami dening pawongan liya mligine kulawarga. Akibat tumindak kadurjanaan dening paraga mligine cilaka tumrap kulawarga bisa kaperang dadi loro yaiku ngrugekake bandha, lan digethingi wong liya. Luwih cethane bisa dideleng ana ing ngisor iki.

Rugi Bandha

Tumindak kadurjanaan uga ngakibatake cilaka tumrap kulawarga, salah sawijine yaiku ngrugekakake bandha. Wujud bandha salah

sawijine yaiku kayata dhuwit, barang kang nduwensi rega lan bisa diitung. Akibat ngrugekake bandha sawise nindakake tumindak kadurjanaan bisa dideleng ana ing cerkak *Preman anggitane Tiwiek SA*. Kabukti saka cuplikan ukara ing ngisor iki.

Sore iku, nalika wong-wong kang njago Adiwaseso teka ing omahe Edy Kisut saprelu njaluk nang-nangane, mung kasil nemoni bojone. Cilakane, bojone Edy Kisut kandha ora ngreti menyang ngendi lungane sing lanang. Tundhone bab kasebut nyolomot kanepsone wong-wong. Salah siji ana sing *anarkis*, wusana ditiru liyane lan sasat mung sapanginang omah tembok cilik prasaja iku ajur. (Banyon, 2016: 9)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake yen tumindake paraga Edy Kisut kang wis ngapusi lan minggat nggawa mlayu dhuwite wong akeh kasebut nuwuhaake akibat kang ndadekake kulawargane cilaka. Sore iku wong-wong kang njago Adiwaseso mara menyang omahe Edy Kisut lan njaluk dhuwit nang-nangane malah ora ketemu karo dheweke. Sing ditemoni namung ana bojone lan kandha yen ora ngreti menyang ngendi lungane Edy Kisut. Wong-wong rumangsa diapusi dening Edy Kisut, banjur ana pawongan sing tumindak anarkis lan ditiru wong-wong liyane nganti omah tembok sing cilik prasaja ajur jalaran saka kanepsone wong-wong lan amukane masyarakat. Bab kasebut bisa dadi bukti yen sajrone cerkak *Banyon* iki tumindak kadurjanaan ngapusi sing ditindakake dening paraga Edy Kisut wis ngakibatake kulawargane cilaka mligine kerugian bandha kang arupa omah.

Digethingi Wong Liya

Tumindak kadurjanaan ndadekake cilaka tumrap awake dhewe uga kanggo wong liya. Salah sawijine akibat tumindak kadurjanaan uga ngakibatake cilaka tumrap kulawarga, mligine yaiku digethingi wong liya. Digethingi wong liya sawise nindakake tumindak kadurjanaan bisa dideleng ana ing cerkak *Preman anggitane Tiwiek SA*. Cuplikane kaya ing ngisor iki.

Sasuwene neng ngomah pagaweyane mung gembyukan lan mabuk-mabukan. Malah kerep bae narjet wong liwat dijaluki dhuwit kanggo tuku miras. Yen ora entuk njur ngamuk, balane brekasakan ngebyuk. Tumindak kasebut ndadekake masyarakat dadi resah. Tundhone njur nuwuhaake rasa gething kepati marang Ming, sing imbase nyiprati Pak Lan Mbok Kadim. (*Jumehor ing Malem Takbiran*, 2016: 81)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen gegambaran akibat tumindak kadurjanaan kang

ditindakake dening paraga Ming. Ming kang wis nerak norma kanthi wujud mabuk-mabukan lan njaluki dhuwit marang wong liya, ndadekake kulawargane Ming ngrasakake yen digethingi karo wong liya. Rasa kang ora jenjem dening masyarakat iki ndadekake rasa kang ora seneng marang kaluwargane Ming. Tangga-tanggane ora seneng ora seneng karo tumindak kang wis ditindakake karo paraga Ming, dheweke seneng omben-omben lan dadi rusuhe warga.. Apa maneh dheweke uga wis kabukten nyolong sepedha kang ndadekake Ming dikunjara. Tegese saka tumindak kadurjanaan kang wis ditindakake Ming, ndadekake kulawargane pikoleh ganjaran kanthi wujud gethingan saka warga liyane.

Akibat Tumrap Masyarakat

Akibat tumindak kadurjanaan dening paraga mligine cilaka tumrap masyarakat bisa kaperang dadi loro yaiku rasa kuwatir lan kerugian bandha. Luwih cethane bisa dideleng ana ing ngisor iki.

Rasa Kuwatir

Rasa kuwatir mujudake rasa kanthi was-was utawa ora jenjem. Senajan cilaka tumrap masyarakat kanthi wujud rasa kuwatir ora bisa didelok kanthi nyata, nanging ndadekake wong liya nduweni rasa kang ora tentrem. Akibat kang ditindakake sawise tumindak kadurjanaan bisa dirasakake kanthi anane psikologis, nanging ndadekake prakara sajrone hubungan antara warga kang ora tentrem. Rasa kuwatir tumrap masyarakat sawise sawijine warga nindakake tumindak kadurjanaan bisa dideleng ana ing cerkak Preman anggitane Tiwiek SA. Cuplikane kaya ing ngisor iki.

Jeneng Ming dadi kondhang dadakan. Kondhang kadiidene raja preman sing diwedeni awit seneng gawe onar lan kerusuhan. Wong lelungan wanci bengi ora wani ijen-ijenan, kuwatir dicegat lan ditarget balane Ming. Sing nggumunake, pehak keamanan kok ya tenang-tenang bae, sajak ora tanggap. (Jumedhor ing Malem Takbiran, 2016: 81)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen gegambaran akibat tumindak kadurjanaan kang ditindakake dening paraga Ming. Ming kang wis kawentar minangka warga kang biasa nggawe onar ndadekake rasa kuwatire para warga. Masyarakat ngalami rasa kang ora jenjem karo apa sing ditindakake dening Ming. Bisa kabukten yen akibat tumindak kadurjanaan ora mung dirasakake tumrap awake dhewe, kulawarga nanging uga tumrap mayarakat. Senajan rasa cilaka ora langsung dirasakake kerugiane nanging rasa kuwatir ndadekake anane kerugian moril. Tegese, yen kerugian bisa dirasakake kanthi psikologise masyarakat lan ndadekake hubungan antara warga ora tentrem.

Rugi Bandha

Tumindak kadurjanaan uga ngakibatake cilaka tumrap masyarakat, salah sawijine yaiku ngrugekakake

bandha. Wujud bandha salah sawijine yaiku kayata dhuwit lan barang kang nduweni rega kang bisa diitung. Ngrugekake bandha tumrap masyarakat sawise sawijine pawongan nindakake tumindak kadurjanaan bisa dideleng ana ing cerkak Preman anggitane Tiwiek SA. Cuplikane kaya ing ngisor iki.

Waduhu, priye iki? Sida dadi pangewan-ewan tenan rasane! Nanging ora, Edy Kisut emoh dadi pangewan-ewan. Mula sadurunge kadadeyan nggegirisi iku dumadi, dheweke gawe putusan nekad. Minggat! Mesthi bae dhuwit rongatus yuta sing dipendhem ing beras katut digawa. (Banyon, 2016: 7-8)

Cuplikan ukara ing ndhuwur nuduhake akibat kang ditandang masyarakat saka tumindak kadurjanaane Edy Kisut. Edy Kisut yaiku pawongan kang wis nindakake kadurjanaan ngapusi wong akeh. Wong-wong sing padha melu toh-tohan ngalami kerugian bandha arupa dhuwit. Jalaran Edy Kisut kalah toh-tohan, dhuwit kasebut wis digawa mlayu minggat karo Dheweke. Edy Kisut wis ngapusi wong akeh, ditindakake tumindak kadurjanaan kasebut amarga ora pengin dadi pangewan-ewane masyarakat.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan saka asile analisis data kang wis ditindakake ing bab sadurunge sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA kanthi tintingan sosiologi sastra bisa didudut telung perangan. Perangan sepisan yaiku gegambaran ngenani tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA kang ditliti kanthi tintingan sosiologi sastra. Perangan sepisan kaperang dadi rong bab yaiku 1) kadurjanaan kanggo kaperluwan pribadi, kang bisa kaperang maneh dadi lima yaiku, (a) toh-tohan, (b) apus-apus, (c) nerak kasusilan, (d) ngancam, lan (e) korupsi; 2) kadurjanaan kanggo kaperluwan kelompok, bisa kaperang dadi loro yaiku, (a) ngrampog, (b) tawuran. Gegambaran kadurjanaan kang kinandhut sajrone Antologi Cerkak *Preman* mau mujudake kaca pangilon marang kadadeyan kang nyata ing urip bebrayan.

Kapindho, panliten iki njlentrehake ngenani faktor panyebab tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* kaperang dadi rong bab yaiku, 1) faktor saka sanjabane dhiri pribadi (eksternal), kang bisa kaperang maneh dadi loro yaiku, (a) faktor ekonomi, (b) faktor lingkungan; 2) faktor saka dhiri pribadi (internal), kang bisa kaperang maneh dadi papat yaiku, (a) emosi, (b) frustasi (c) kabutuhan seksual lan (d) pendhidhikan. Ing kene bisa dideleng yen anane tumindak kadurjanaan sajrone Antologi Cerkak *Preman* iki nduweni faktor-

faktor maneka werna kang nyebabake tumindak duraka kasebut.

Katelu, andharan sing pungkasan panliten iki njlentrehake ngenani akibat saka tumindak kadurjana sajrone Antologi Cerkak *Preman* kaperang dadi telung bab yaiku, 1) tumrap awake dhewe, bisa diperang maneh dadi telu yaiku, (a) apes, (b) mlebu bui; 2) tumrap kulawarga, bisa diperang maneh dadi loro yaiku, (a) rugi banda lan (b) digethingi wong liya; 3) tumrap wong liya, bisa diperang maneh dadi loro yaiku, (a) rasa kuwatir lan (b) rugi banda . Akibat kang diasilake saka tumindak kadurjana sajrone Antologi Cerkak *Preman* iki bisa dideleng yen ora mung akibat kang ala, nanging uga ana saperangan akibat becik kang ndadekake saperangan wong tumuju dalan kang luwih becik.

Saka andharan ing ndhuwur kanthi telung perangan kasebut bisa dingreteni yen tumindak kadurjana sajrone Antologi Cerkak *Preman* anggitane Tiwiek SA nduweni maneka gambaran. Gegambaran kadurjana kasebut mujudake kaca pangilon tumrap kadadeyan kang nyata sajrone urip bebrayane masyarakat saiki, amarga kadurjana bisa ditindakake ana ing ngendi wae lan bisa dideleng saben detik, menit lan jam ing ndonya iki. Mligine ing babagan toh-tohan, ngapusi wong liyan, nerak kasusilan, ngamacam, korupsi, ngrampog lan tawuran. bab kasebut biasane tuwuhamarga anane maneka bab sing bisa nyurung utawa njalari paraga nindakake kadurjana kayata faktor ekonomi, faktor lingkungan, emosi, frustasi, kabutuhan seksual utawa kabutuhan batin sing diduwensi paraga lan faktor pendhidhikan. Ngasilake akibat kang ala, tumrap awake dhewe, tumrap kulawarga lan tumrap masyarakat sing kudu ngrasakake akibat saka tumindak kadurjana.

Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten kang isih adoh saka kasampurnan. Ana perangan-perangan kang isih durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan sosiologi sastra kang digunakake kanggo nemokake kadurjana sajrone Antologi Cerkak *Preman* luwih nggayutake tumrap maneka werna kanyatan kang ana sajrone bebrayan. Panliten ngenani kadurjana isih prelu ditindakake kanggo mangerteni pangrembakane tema-tema durjana sajrone reriptan sastra mligine sastra Jawa modern.

Panliten bab kadurjana sajrone genre sastra mligine sastra Jawa modern isih prelu ditindakake kanggo ngreteni maneka reriptan sastra kang ngandhut kadurjana sajrone jinis-jinis genre sastra. Saben reriptan sastra mujudake kaca pangilon marang kadadeyan kang nyata ing urip bebrayan. Mula saka kuwi, kanthi ditiliti lan dianalisis nduweni pamrayoga kang gegayutan karo panliti sabanjure, sarta pamaca. Tumrap panliti sabanjure,

kadurjana sajrone antologi cerkak bisa ditindakake kanggo mangerteni wujud kadurjana kang digunakake dening sawijine panganggit tartamtu. Asile panliten iki bisa didadekake bahan rujukan sajrone pasinaon sastra. Turmrap pamaos asile panliten iki kaajab bisa digunakake minangka sarana kanggo njembarake kawruh ngenani kadurjana sajrone antologi cerkak kanthi tintingan sosiologi sastra.

KAPUSTAKAN

- Abdulysani, 1987. *Kejahatan dan Penyimpangan Suatu Perspektif Kriminologi*. Jakarta: Bina Aksara
- Damono, Sapardi Djoko.1978. *Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Darni, 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern*. Surabaya: Bintang
- Diniati, Sari Eka. 2016. *Kadurjana sajrone crita rakyat Lebur ing Borobudur anggitane Hastarahardjo: Tintingan Sosiologi Sastra*. Skripsi ini tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogjakarta:media Pressindo
- Faruk. 2013. *Pengantar Sosiologi Sastra dari Strukturalisme Genetik Sampai Pos Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset
- Hardjana, Andre. 1994. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Gramedia
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Depdikbud.
- Jayanti, Evi Tri. 2014. *Kadurjana ing Jagading Jurnalisme sajrone Novel Sang Pangeran Pati anggitane Fitri Gunawan: Tintingan Sosiologi Sastra*. Skripsi ini tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Kartono, Kartini. 2001. *Patologi Sosial*. Jakarta: Rajawali Pers
- Luxemburg, Jan Van, dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*, diterjemahkan oleh Dick Hartono. Jakarta: Gramedia
- Moleong, Lexy J. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nadziroh, Ainin. 2015. *Kadurjana sajrone Novel Dahuru ing Loji Kepencil anggitane Suparto Brata: Tintingan Psikologi Sastra*. Skripsi ini tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajahmada University Press
- Poerwadaminta, W.J.S. 1939. *Baosasta Djawa*. Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers Maatschappij.
- Pradopo, Rachmad Djoko. 2003. *Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gajahmada University Press
- Purnomo, Bambang. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.

- Rass, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Muktakhir*. Jakarta: Grafiti Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012 (cetakan xi). *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- SA, Tiwiek. 2016. *Antologi Crita Cekak Preman*. Tulungagung: Paramarta
- Semi, M. Atar. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa
- Sugiyono. 2013. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta
- Soekanto, Soerjono. *Sosiologi Sastra Pengantar*. Jakarta: Rajawali Press 2012
- Wellek, Rene dan Austin Werren. 2014. *Teori Kesusastraan*, Jakarta: Gramedia
- Wulandari, Dyah Tri. 2015. *Miyak Kadurjanaan Sajrone Cerbung Getih Sri Panggung anggitane Kukuh S. Wibowo: Tintingan Struktural*. Skripsi ini tidak diterbitkan. Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.

